Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы
Қарақалпақстан бөлиминиң

# ХАБАРШЫСЫ

Журнал 1960-жылдан баслап шығып атыр

Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси
Қорақалпоғистон бўлимининг

# АХБОРОТНОМАСИ

Журнал 1960 йилдан нашр қилинмоқда

# ВЕСТНИК

Каракалпакского отделения
Академии наук Республики Узбекистан
Журнал издается с 1960 года

№ 3
(280)

Нукус-2025

**Алла қўшиқларини қиёсий ўрганиш масаласи**
**Максетова Ф.А.**
*Ўзбекистон Республикаси Фанлар академияси Қорақалпоғистон бўлими Қорақалпоқ гуманитар фанлар илмий-тадқиқот институти, Нукус*

Мақола дунё халқлари алла қўшиқларининг хусусиятларини ўрганишга бағишланган. Тадқиқотнинг асосий объекти сифатида туркий тилли халқларнинг алла қўшиқлари олинган. Шунингдек, мақолада рус ва испан фольклоридан олинган алла намуналари ҳам ноёб намуналар сифатида келтирилган. Турли халқларга оид ушбу жанрнинг функционал ва мазмун жиҳатидан ўхшашликларини таҳлил қилиш натижалари, ушбу жанрнинг архаик илдизлари умумий бўлганлигини кўрсатади. Бу еса ибтидоий жамиятда сўзнинг жонли деб қаралганлиги билан боғлиқдир. Мақола муаллифининг хулосасига кўра, ибтидоий тафаккурнинг инсон шахсиятига ижобий ёки салбий таъсири ҳақидаги бир хиллиги нафақат жанрнинг пайдо бўлишига сабаб бўлган, балки унинг мазмун ва шакл жиҳатдан умумий бўлишига ҳам олиб келган. Шунингдек, мақолада жанрнинг миллий версиялари хусусиятлари масалалари ҳам ёритилган. Миллий вариантларнинг пайдо бўлишига оид дастлабки хронологик таҳлил шуни кўрсатадики, тарихий-ижтимоий ҳолатдаги фарқлар, миллий менталитет ўзига хосликлари ва бошқа кўплаб омиллар алла қўшиқларининг миллий хусусиятлари ва уларнинг турли хил вариацияларини юзага келтирган.

**К проблеме сравнительного изучения колыбельных песен**
**Максетова Ф.А.**
*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*

Статья посвящена исследованию особенностей колыбельных песен народов мира. Основным объектом исследования являются колыбельные песни тюркоязычных народов. В качестве уникальных приведены и образцы колыбельных песен из русского и испанского фольклора. Результаты анализа функциональных и содержательных сходств различных версий жанра приводят к общности архаических истоков данного жанра, касающиеся одушевлённости слова в первобытном обществе. По заключению автора статьи, однообразие первобытного мышления о положительном и отрицательном воздействии на человека служило основным фактором появлению жанра, его содержания и формы. Автором статьи также затронуты вопросы об особенностях национальных версий жанра. Предварительный хронологический анализ возникновений национальных версий указывает на факт, что различия историко-социального положения, особенности национального менталитета и другие факторы служили основанием проявлению национальных особенностей и вариации колыбельных песен.

**On the Problem of Comparative Study of Lullabies**
**Maksetova F.A.**
*Karakalpak Research Institute of Humanitarian Sciences of the Karakalpak Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Nukus*

This article is dedicated to the study of the characteristics of lullabies from various nations around the world. The primary object of the research is lullabies of Turkic-speaking peoples. Additionally, the article presents unique examples of lullabies from Russian and Spanish folklore. The results of analyzing the functional and semantic similarities of this genre among different peoples indicate that the genre has common archaic roots. This is linked to the belief in primitive societies that words were considered to possess a living essence. According to the author's conclusion, the similarity in the primitive worldview's impact – whether positive or negative – on human personality not only influenced the emergence of the genre but also led to its common structural and content features. The article also explores the features of national versions of the genre. An initial chronological analysis regarding the emergence of national variants shows that differences in historical and social contexts, peculiarities of national mentality, and many other factors have given rise to the national characteristics and various forms of lullabies.

---

# HÁZIRGI QARAQALPAQ HÁM ÓZBEK POVESTLERINIŃ RAWAJLANÍW TENDENCIYALARÍ

**Bekbergenova Z.U.**

*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*

Jámiyettegi hár bir tarawdıń rawajlanıw, ósiw evolyuciyası bolǵanlıǵı sıyaqlı kórkem ádebiyat shıǵarmaları da dáwirdiń ózgeriwi menen jańalanıp, ózgerip otıradı. Biz bunı házirgi dáwir qaraqalpaq hám ózbek povestleri mısalında alıp qaraytuǵın bolsaq, bul janr shıǵarmalarınıń ideyalıq-tematikalıq, janrlıq-stillik hám kórkem súwretlew usılları menen de jańalıqqa umtılıp atırǵanlıǵın gúzetemiz. Álbette, qaraqalpaq hám ózbek xalıqlarınıń kórkem ádebiyatında povest janrı shıǵarmaları ótken ásirdiń dáslepki shereginde realistlik prozanıń tuwılıwı menen payda bolıp, bir ásirden aslamıraq dáwirdi basıp ótken bolsa, usı uzaq dáwir aralıǵında bul janr shıǵarmaları boyınsha bir qansha ilimiy izertlewler alıp barılǵanlıǵı belgili. Búginge kelip mádeniy miyrastı úyreniw, milliy maqtanısh sezimlerin payda etiw hám de milliy qádiriyatlarımızdı ańlaw, usı tiykarda janrdıń tábiyatına ele de tereńirek jantasıw, kórkem shıǵarmalardıń ádebiyatımızdıń rawajlanıwındaǵı ornın tiykarlap beriw, házirgi dáwir ádebiyatına kúshli tásir etken dóretiwshilerdiń xızmetin gúzetiw jedellesti. Ásirese, qaraqalpaq hám ózbek povestlerinde insandı ańlaw, ulıwmainsanıylıq ideyalardı sáwlelendiriwge bolǵan poetikalıq talap kúsheydi. Izertlewlerge názer awdaratuǵın bolsaq, povest janrınıń payda bolıw dereklerinen baslap, klassifikaciyası, hár bir dáwirge say jazıwshılardıń ideya-tematikalıq, formalıq izlenisleri, syujet hám

kompoziciya dúziw, obraz jasaw sheberligi máseleleri izbe-iz túrde keń qamtıp úyrenile basladı. Ózbek povestleriniń teoriyalıq máseleleri jámáátlik avtorlar tárepinen hár qıylı jıllarda basılıp shıqqan «Adabiyot nazariyasi», «Adabiyotshunoslikka kirish», «Adabiy tur va janrlar», «O'zbek adabiyotida janrlar tipologiyasi va uslublar rang-barangligi» sıyaqlı ilimiy izertlewlerde óz kórinisin tapqan bolsa, I.Sultan, M.Qo'shjonov, O.Sharafiddinov, U.Normatov, A.Rasulov, B.Nazarov, H.Boltabaev, D.Quronov, B.Karimov, U.Juraqulov h.t.b. alımlardıń izertlewlerinde prozalıq shıǵarmalardıń poetikalıq hám stillik máselelerine baylanıslı úyrenildi. Ózbek povestlerin izertlewlerde bul janr shıǵarmaların «povest» hám «qıssa» termini menen birdey ataw gúzetiledi. Bul haqqında ádebiyattanıwshı A.Uluǵov «Belgili bolǵanınday, povest penen qıssa termini logikalıq jaqtan derlik ibir mánini ańlatadı. Olar logikalıq tárepten ózara ekvivalent. Sonlıqtan da, ózbek tilinde povest termini ornına qıssa termini qollanıladı» [1,13], – degen pikir bildiredi. Bunday kózqaras basqa da teoriyalıq ádebiyatlarda bılayınsha atap ótiledi: «Qıssa menen povesti basqa-basqa janrlar dep túsiniw jeterli tiykarǵa iye emes, sonıń ushın olardı sinonim sıpatında túsiniw keńirek belgili bolǵan. Házirgi ózbek ádebiyatında qıssa ónimli epikalıq janrlardan sanalıp, XX ásir dawamında ózbek qıssashılıǵı salmaqlı tabıslarǵa eristi» [2,318]. XX ásirdiń dáslepki shereginde dóretilgen ózbek povestleriniń ideyalıq mazmunında keńes húkimeti siyasatı, ishki hám sırtqı dushpanlarǵa qarsı gúresler, kolxoz qurılısı, miynet adamlarınıń, ásirese, miynet dalalarında janın pidá etken diyxan hám paxtakesh insanlardıń obrazı, rus hám ózbek xalıqlarınıń doslıq múnásebetleri, jaslardıń keleshegine úmit oyatıw menen birge ótmishke shubha-gúman menen qaraw ideyaları oraylıq orında súwretlendi. Sonıń menen birge usı dáwir shıǵarmalarınıń kompoziciyasında ishki dushpanǵa qarsı ideya tiykarǵı konflikt sıpatında baslı orınǵa kóterildi. Jańa mazmunǵa hám kórkem súwretlewge bay shıǵarmalar menen birge, sxematizmge, bir birine uqsas syujetlik súwretlewler menen qurǵaq bayanlawlarǵa qurılǵan shıǵarmalar da dóretildi. Sonlıqtan izertlewshi A.Rashidov: «Ózbek qıssalarında miynet súwreti» izertlewinde: «30-jıllar qıssashılıǵı jańa socialistlik shaxstıń qáliplesiwi problemasına ayrıqsha itibar bergenligi menen xarakterlenedi» [3,72], – dep oǵada durıs atap ótedi. Degen menen, usı dáwirde dóretilgen A.Qadiriydıń «Ótken kúnler», Ǵafur Ǵulamnıń «Tirilgen ólik», «Yadıgar», «Sum bala» sıyaqlı prozalıq shıǵarmaları dáslepki ózbek povestleriniń qáliplesiwinde hám rawajlanıwında salmaqlı orın iyeledi. Ekinshi jáhán urısı hám urıstan keyingi jıllarda ózbek hám qaraqalpaq ádebiyatlarında basqa keń kólemli prozalıq shıǵarmalar sıyaqlı povestler oǵada az ushırasadı. Bunıń sebebi, kópshilik talant iyelerininiń urısqa ketiwi hám keń kólemli shıǵarmalar ústinde islewge dáwirdiń tásiri ayrıqsha seziledi. Urıstan keyingi jıllarda bolsa urıstıń awır aqıbetlerin súwretlew, tınıshlıqtıń qádirine jetiw, urısta jábir kórgen awıllardı qayta tiklew hám gúllendiriwge at salısıwǵa shaqırıw, ishki hám sırtqı dushpanlardan sergek bolıwǵa úndew ideyaları oraylıq orındı iyeledi. Bunı biz A.Qahhardıń «Otbasar», S.Axmadtıń «Húkim» povestleri mısalınan kóriwimizge boladı. Urıs dáwirinde gúrriń hám povest janrlarınıń ornın feleton ham очerk janrları iyelep turǵan bolsa, urıstan keyingi paraxat ómirge ótkennen soń povest janrı shıǵarmaları keń qulash jayıp rawajlana basladı. Elimizde zavod, fabrikalar, mádeniyat úyleri, xalıq xojalıǵınıń hár qıylı tarawlarınıń iske túsiwi menen birge povest janrı shıǵarmalarınıń tematikası hám baslı qaharmanları da usı máseleler átirapında súwretlendi. P.Qádirovtıń «Miyras», «Erk», «Qádirim» povestlerindegi Iskender, Aysha, Tursın, Zulayha, Sattar, YAlqin h.t.b. qaharmanlardıń obrazları ótken dáwir kórinislerin kóz aldımızda janlı elesletedi. Bul povestlerdiń kópshiligi derlik, usı janr shıǵarmaları boyınsha arnawlı izertlewler alıp barǵan A.Abrorovtıń miynetinde [4,9] keń túrde analizlendi. 1960-70-jıllarǵa kelip Ádil Yaqupov, Asqad Muxtar, Pirimqul Qádirov, Ushqın Nazarov, Ótkir Hashimov, Ólmes Umarbekov, Shúkir Xalmurzaev sıyaqlı jazıwshılardıń povestlerinde tiykarınan jaslar teması, olardıń ómirge, miynetke, muhabbatqa, átirapındaǵı adamlarǵa bolǵan qarım -qatnası keń mazmunda súwretlene basladı. Yaǵnıy, 1970-jıllardan baslap ózbek ádebiyatında basqa janrlar qatarı povest janrı shıǵarmalarında janrlıq, ideya-tematikalıq, kórkemlik jaqtan da ósip, rawajlanıw ayrıqsha sezile basladı. Bunıń baslı sebebin jámiyetlik turmıstaǵı ózgerislerden izlesek boladı.

Ózbek ádebiyatındaǵı povest janrı shıǵarmaları sıyaqlı 1930-1970-jıllarda dóretilgen qaraqalpaq povestlerinde de dáwirdiń jámiyetlik-siyasiy hám sociallıq kórinisleri baslı tematikaǵa aylandı.

Dáslepki qaraqalpaq povestleriniń derekleri xalıq awızeki dóretiwshiliginen saǵa alıp rawajlanǵanlıǵın M.Dáribaevtıń 1930-jıllardıń aqırında dóretilgen M.Dáribaevtıń «Mıńlardıń biri», Á.Shamuratovtıń «Eski mektepte», J.Aymurzaevtıń «Quwat» povestleri, Q.Ermanovtıń «Balıqshılar qıssası» mısalında kóremiz. Lekin, belgili ádebiyattanıwshı, professor Q.Kamalov bul povestlerde avtorlardıń folklorlıq giperbolizacayalawǵa yaki bolmasa romantikalıq súwretlewlerge berile bermesten, realistlik shıǵarmalarda súwretlenetuǵın waqıyalar menen adamlar háreketi ómir shınlıǵına say, ómirge jaqınlastırılıp súwretlengenligin, hár bir qaharmannıń belgili bir dáwir adamı hám tip sıpatında háreket etkenligin durıs atap ótedi [5,10]. Jáne de, alım Q.Kamalov qaraqalpaq povestleri payda bolıp atırǵan «Bul waqıtta ózbek A.Qadiriy, X.Shams, A.Qahhar, tájik S.Ayniy, qazaq S.Seyfullin, B.Maylin, M.Áwezov, S.Muhanov, túrkmen Q.Deryaev, B.Kerbabaev,

qırğız K.Bayanlinov, M.Elebaev, T.Sıdıqbekov, K.Jantóshev – Orta Aziya hám Qazaqstan respublikalarınıń belgili romanistleri sıpatında oqıwshılarğa tanıldı» [5,10], – degen pikir bildiredi. Demek, qaraqalpaq ádebiyatında povest janrınıń payda bolıp, qáliplesiwine hám rawajlanıwına tili, úrp-ádet, dástúrleri hám jasaw tárizi jaqın bolğan xalıqlardıń ádebiyatları da unamlı tásir etkenligin kóremiz. Ádebiyattanıwshı Q.Kamalovtıń povest janrın izertlewlerinde ótken ásirdiń 1930-jıllarınan 1970-jıllarğa shekemgi qaraqalpaq povestleriniń evolyuciyası janrdıń derekleri, payda bolıw hám qáliplesiw jolları, janrdıń kóp túrliligi, ideya-tematikalıq ráńbáreńligi, qaharman obrazın jasawdıń jańa usılları máseleleri úyrenildi. Avtor 1930-jıllardıń aqırında folklorlıq úlgilerge tiykarlanıp dóretilgen qaraqalpaq povestleriniń 1970-jıllarğa kelip epikalıq, liro-epikalıq, biografiyalıq, avtobiografiyalıq, tariyxıy, hújjetli povestler menen tolısıp, rawajlanğanlığın, ásirese sońğı jıllarda dóretilgen povestlerde qaharman obrazın jasawda, konflikt tańlawda, syujet hám kompoziciya dúziwde, ómir shınlığın súwretlewde, janrdıń kórkemligin arttırıwda sheberlikke umtılğanlığın durıs atap kórsetti. Ózbek alımı E.Karimov: «Povestiń jáne bir tipologiyalıq ózgesheligi bar. Kóp jağdaylarda ádebiyattıń bul janrı jańa ádebiy dáwirdi baslap beredi hám óziniń izinen úlken kórkem formalardı roman hám epopeyalardı ilestirip keledi» [6,166], – dep jazadı. Haqıyqatında da, qaraqalpaq ádebiyatında orta kólemli prozalıq shığarmalar (povestler) 1940-jıllardıń aqırında dóretilgen bolsa, 1950-jıllarğa kelip keń kólemli dáslepki qaraqalpaq romanları, sońınan 1960-jıllarğa kelip roman-dilogiya, roman-trilogiyalar, 70-jıllardan keyin roman-epopeyalar menen roman esseler payda bola basladı.

1970-jıllardağı ózbek qıssashılığında jazıwshılardıń insanlardıń ruwhıy dúnьyasına tereńnen kirip barıp, olardıń psixologiyasında neler keship atırğanlığına, ásirese adamlardıń milliy ózligin ańlawğa, milliy úrp-ádet, dástúrlerine, tálim-tárbiyasına dıqqat itibardıń qaratılğanlığın Toğay Murattıń qıssalarındağı milliy gúres, kókpar oyınlarında xalıqlıqlıq ruwhtıń sáwlelengenliginen, Shúkir Xalmurzaev, Nuralı Qabıldıń shığarmalarınıń tábiyatqa, ekologiyalıq mashqalalarğa dıqkat-itibardıń kúsheygenliginen kóriwimizge boladı. 1980-jıllarğa kelip Murat Muhammed Dos, Erkin Azam, A.YAkubov, T.Polatov, Ó.Hashimov, Q.Nurqabıl, N.Aminov h.t.b. qıssalarında qaharmanlardıń tágdirindegi hám olar jasap atırğan turmıstağı túpkilikli burılıslar menen, qarama-qarsılıqlardı real tárizde súwretlewlerge bet burıldı. Ismleri atap ótilgen jazıwshılardıń povestlerinde qaharmanlardıń turmıs tárizi menen háreketlerin tereń hám anıq tárizde súwretlewde, olardıń jeke xarakterlik individualь ózgesheliklerine ayrıqsha itibar qaratıldı. 1990-jıllarğa kelip qaraqalpaq hám ózbek prozasında, sonıń ishinde povest janrı shığarmalarında da úlken ózgerisler kózge taslanadı. Jazıwshılar socialistlik realizm talaplarınan tolıq túrde azat bolıp, dóretiwshilik jumıslar menen emin-erkin shuğıllana basladı. Bul dáwirdegi ózbek prozasında Erkin Azam, Murat Muhammed Dos, Xayraddin Sultan, Tahir Malik, Xajiakbar Shayxovlar, sońğı jılları bolsa Húrshid Dosmuhammed, Nazar Eshanqulov, Shodiqul Hamraev, Nabijan Baqıy, Normurat Norqabilov, Qoshqar Nurqabıl, Toqtamurat Rustamov, Isajan Sultanov, Uluğbek Hamdamov sıyaqlı talant iyeleri ósip jetilisip ádebiyatqa, insan ruwhıyatı menen jan dúnьyasına, kerek bolsa ózin qorshağan janlı tábiyatqa jańasha kózqarasta qarawğa umtıla basladı. Jazıwshılarımız tariyxıy haqıyqatlıqtı tiklewge, keńes húkimeti dáwirinde júz bergen olqılıqlar menen kemshiliklerdi sın kózqarastan analizlep, kórkemlik penen obrazlı súwretlewge umtıldı. Ásirese, absurd hám modern usılındağı súwretlewler ózbek qıssalarınıń qurılısında ayrıqsha sezile basladı. Usı jıllardağı qaraqalpaq prozasında da elewli jańalıqlar júz berdi. Bul haqqında ádebiyattanıwshı P.Nurjanov: «Insan ruwxınıń quramalı tábiyatın – onıń umtılısın, sezim tuyğısın – quwanısh hám qayğısın, kóterińki ham túsińki keypiyatın beriwde jazıwshılarımız tek realizmniń súwretlew principleri menen sheklenip qalmastan, modernizm ádebiyatınıń, sonday-aq, dúnьyağa degen mifologiyalıq, mistikalıq, ilahiy kózqaraslardıń múmkinshiliklerinen de paydalanıwğa umtılmaqta» [7,8-9], – degen pikir bildiriw menen birge bunday ózgeshe usılda dóretilgen shığarmalarğa xalqımızğa belgili jazıwshı T.Qayıpbergenovtıń «O dúnyadağı atama xatlar», «Qaraqalpaqtıń óz qalpağı menen sırlasıwı», «Qálbimniń qamusı», K.Raxmanovtıń «Aqıbet», A.Xalmuratovtıń «Tágdirles», «Jánnet bağı", H.Ayımbetovtıń «Qarabuwra», S.Ismaylovtıń «Júrek galaktikası», «Bizler bir úyde jasaymız», «Payğambarlar hám shaytanlar» roman hám povestlerin atap kórsetedi. Sońğı jıllardağı qaraqalpaq povestleriniń rawajlanıw tendenciyalarına názer awdaratuğın bolsaq, ideya-tematikalıq, janrlıq ham kórkem-estetikalıq jaqtan da túrlenip barğanlığın gúzetemiz. G.Esemuratovanıń «Mıńda bir keshirim», «Gónergen súrenler», «Kim tıńlaydı munımdı», «Minayım», E.Úsenovtıń «Xanmaqsım», A.Xalmuratovtıń «Bir aqsham», M.Nızanovtıń «Eki qanxor», «Aqshagúl», A.Sultanovtıń «Ómir ótkelleri», G.Tursınovanıń «Kelemishlengen ómir», S.Ismaylovtıń «Qaqpan», Ya.Ájimovtıń «Jazmısh jazası», S.Bahadırovanıń «Tomaris hám Kir», J.Serjanovtıń «Dóhmet», «Shaytannıń oyını» sıyaqlı tariyxıy, hújjetli, fantastikalıq, satiralıq h.t.b. súwretlewlerge bay povestleri payda boldı. Qaraqalpaq povestleriniń rawajlanıw tendenciyaları M.Nurmuhamedov, Q.Kamalov, J.Esenov, S.Bahadırova, K.Allambergenov, P.Nurajanov h.t.b belgili ádebiyat izertlewshileriniń prozalıq shığarmalardı izertlewlerinde belgili dárejede sóz etildi. Lekin,

1960-70-jıllardaǵı qaraqalpaq povestlerindegi kórkem psixologizm máselesi ádebiyattanıwshı J.Esenovtıń izertlewinde [8] keń túrde úyrenilgen bolsa, 1980-jıllardaǵı qaraqalpaq povestlerindegi stillik izlenisler J.Saǵiydullaevanıń miynetinde [9] arnawlı izertlendi. Sońǵı jıllardaǵı ózbek ádebiyattanıw iliminde G.Tashpulatov, S.Zaxidova, M.Tenlashev, Q.Koʻbaev, D.Xoldorov, M.Rustamova, M.Boboxonov, F.Radjapova, U.Rasulova, Yu.Eshmatova h.t.b. izertlewlerinde ózbek povestleri túrlishe aspektlerde úyrenildi. Solardan, M.Rustamovanıń «Istiqlol davri oʻzbek qissalarining taraqqiyot tendenciyalari» [10] hám U.Rasulovanıń «XX ásir ózbek qissachiligi (poetik izlanishlar va taraqqiyot tamoyillari) [11] degen temadaǵı kandidatlıq hám doktorlıq dissertaciyaları janrdıń ósiw hám rawajlanıw evolyuciyasına tikkeley arnalǵanlıǵı menen ajıralıp turadı.

Juwmaqlap aytatuǵın bolsaq, kórkem ádebiyattaǵı basqa janr shıǵarmaları sıyaqlı qaraqalpaq hám ózbek povestleriniń hár bir on jıllıqlardaǵı, yamasa belgili bir dáwirlerdegi rawajlanıw tendenciyaların arnawlı úyreniw, birinshiden janrdıń tábiyatınan kelip shıǵıp san hám sapalıq kórsetkishin belgilep alıwda, ekinshiden qanday baǵdarda rawajlanıp atırǵanlıǵın, úshinshiden ideyalıq-tematikalıq hám janrlıq kóp túrliligin, tórtinshiden obrazlar dúnyası menen kórkem-poetikalıq ózgesheliklerin anıqlawımızǵa jaqınnan járdem beredi. Sonlıqtan da, házirgi qaraqalpaq hám ózbek povestleriniń rawajlanıw tendenciyaları sheńberinde salıstırmalı ilimiy izertlewler alıp barıw kún tártibinde turǵan áhmiyetli máselelerdiń biri sanaladı.

## ÁDEBIYATLAR


1. Улуғов А. Қиссачилиғимиз қирралари. – Тошкент: Ўқитувчи, 1991. – 13-б.
2. Қуронов Д. ва б. Адабиётшунослик луғати. – Тошкент: Академнашр. 2010. – 318 б.
3. Рашидов А. Ўзбек қиссаларида меҳнат тасвири. – Тошкент: Фан, 1980. – 722 б.
4. Аброров А. Ўзбек повести. – Тошкент: Фан, 1973. – 9-б.
5. Камалов Қ. Қарақалпақ повести. – Нөкис: Қарақалпақстан. 1978. – 10-б.
6. Каримов Э. // Адабий турлар ва жанрлар. Ўзбек совет адабиётида повесть жанри. – Тошкент: 1991. 1 жилд, 166-б.
7. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. – Нөкис: Билим. 2003. – 8-9-бб.
8. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары. – Нөкис: Қарақалпақстан. 1986.
9. Сағыйдуллаева Ж. Қарақалпақ повестлеринде стильлик изленислер. – Нөкис: Қарақалпақстан. 2020.
10. Рустамова М. Истиқлол даври ўзбек қиссаларининг тараққиёт тенденциялари. Филол.фан.номзоди...дисс. – Тошкент, 2005.
11. Расулова У. XX аср ўзбек қиссачилиги (поэтик изланишлар ва тараққиёт тамойиллари). Филол.фан доктори (DSc)дисс. – Тошкент, 2020.


**Hozirgi qoraqalpoq va oʻzbek povestlarining rivojlanish tendentsiyalari**


**Bekbergenova Z.U.**

*O'zbekiston Respublikasi Fanlar akademiyasi Qoraqalpoǵiston boʻlimi Qoraqalpoq gumanitar fanlar ilmiy-tadqiqot instituti, Nukus*



Maqolada hozirgi oʻzbek va qoraqalpoq badiiy adabiyotida qissa janrining rivojlanish tendentsiyalari masalalariga qiyosiy tarzda qisqacha sharh qilingan. Ikki xalq adabiyotida ham qissa janri asarlari XX asrning dastlabki choragida paydo boʻlib, shakllangan boʻlsa, bugunga kelib, janriy, gʻoyaviy-tematik va uslubiy jihatdan ham oʻzining rivojlanish bosqichlariga ega boʻlganligi oʻzbek va qoraqalpoq adabiyotshunosligida yaratilgan bir qator ilmiy asarlarga tayanib asoslab berilgan. Hozirgi oʻzbek va qoraqalpoq qissalariga yozuvchilarning mavzu tanlashda, matn strukturasini tuzishda, semantik qurilishida, obrazlar dunyosini yaratishda jahon adabiyotining yutuqlari va tajribalari namuna boʻlmoqda. Davrning oʻzgarishi, yangilanishi bilan oʻzbek va qoraqalpoq qissalari gʻoyaviy-tematik, janriy, uslubiy va badiiy jihatdan ham yangilanib, boyib borganligi misollar bilan dalillangan.


**Тенденции развития современных каракалпакских и узбекских повестей**


**Бекбергенова З.У.**

*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*



В статье дается краткий сравнительный обзор тенденций развития жанра повести в современной узбекской и каракалпакской художественной литературе. Если в литературе обоих народов произведения жанра повести появились и сформировались в первой четверти XX века, то на сегодняшний день жанровый, идейно-тематический и стилистический аспекты также имеют свои этапы развития, что обосновано на основе ряда научных работ, созданных в узбекском и каракалпакском литературоведении. Достижения и опыт мировой литературы в выборе темы, построении структуры текста, семантическом построении, создании мира образов в современных узбекских и каракалпакских повестях служат примером. На примерах доказано, что с изменением и обновлением эпохи узбекские и каракалпакские повести обновлялись и обогащались в идейно-тематическом, жанровом, стилистическом и художественном аспектах.


**Development trends of modern Karakalpak and Uzbek short stories**


**Bekbergenova Z.U.**

*Karakalpak Research Institute of Humanitarian Sciences of the Karakalpak Branch of Academy of Sciences of Republic of Uzbekistan, Nukus*



The article provides a brief comparative overview of the development trends of the novella genre in contemporary Uzbek and Karakalpak literature. If in the literature of both peoples, works of the short story genre appeared and took shape in the first quarter of the 20th century, then to date, genre, ideological-thematic, and stylistic aspects also have their own stages of development, which is substantiated based on a number of scientific works created in Uzbek and Karakalpak literary studies. The achievements and experiences of world literature in topic selection, text construction, semantic construction, and the creation of a world of images in contemporary Uzbek and Karakalpak short stories serve as an example. It has been proven with examples that with the change and renewal of the era, Uzbek and Karakalpak short stories have been renewed and enriched in ideological-thematic, genre, stylistic, and artistic aspects.